**Кархана ҳәм мекемелер саны**
***(2021 жыл 1 январь жағдайына)***
***(фермер ҳәм дийҳан хожалықларсыз)***




**Юридик шахс:**

Журитиўде яки оператив басқарыўда айрықша мал-мүлкке ийе болған ҳәмде өз миннетлемелери тәрепинен усы мал-мүлк пенен жуўап беретуғын, өз атынан мулкке яки жеке мүлки емес ҳуқуқларна ийе бола алатуғын ҳәм оларды әмелге асыра алатуғын, мажбуриятларды орынлай алатуғын, судта даўагер ҳәм жуўапкер бола алатуғын мекемелер **юридик шахс** есапланады.

**Дизимнен өткен кархана ҳәм шөлкемлер**
**(1 январ жағдайына, бирликте)**



**Дизимге алынған комерциялық кәрханалар-юридикалық шахслардың шөлкемлестириў-ҳуқуқий түри бойынша саны**
***(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)***

**13 384**



Жуўапкершилиги шекленген жәмийет

**1 701**



Шаңарақлық кәрхана

**119**



Унитар кәрхана

**3 504**



Жеке кәрхана

**27**



Акционерлик жәмийет

**284**



Басқалар

**Дизимнен өткен кәрхана ҳәм мекемелер қала ҳәм районлар бойынша саны**
***(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликта)***




2020 жыл 1 январь жағдайына дизимнен өткен кәрхана ҳәм мекемелер районлар кесиминде бөлистирилгенде, Нөкис қаласы (28,4 %), Төрткүл (10,3 %), Беруний (8,3 %), Әмиўдәрья (7,3 %), Елликқала (6,1 %), Қоңырат (5,8 %), Хожели (5,0 %), Нөкис (4,5 %), Шымбай (3,9 %), Тахиатас (3,3 %), Қараөзек (3,0 %), Кегейли (2,8 %), Қанлыкөл (2,7 %), Шоманай қала берсе Мойнақ (2,6 %), Тахтакөпир (2,1 %), Бозатаў (1,3 %) районларына туўры келеди.

## Экономикалық хызмет түрлери бойынша дизимнен өткен кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(1 январь жағдайына)*



## Ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны

*2020 жыл январь-декабрь*







## Экономикалық хызмет түрлери бойынша ҳәректтеги кәрхана ҳәм мекемелер саны

*(1 январь жағдайына, бирликте)*



## Ҳәрекеттеги комерциялық кәрханалар саны

*(шөлкемлик-ҳуқуқий түрлери бойынша 2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)*




**Акционерлик жәмийети:**

Устав фонды турақлы акциялар санына бөлинген жәмийет–акционерлик жәмийет есапланады – акционерлик жәмийетиниң қатнасыўшылары (акционерлер) оның мажбуриятлары бойынша жуўап бермейди ҳәм жәмийет искерлиги менен байланыс зыян ушын өзлерине қараслы акциялар қуны айланасында жуўапкер болады.

Акциялар қуны толық толмаған акционерлер, акционерлик жәмийетиниң мәжбурятлары бойынша, өзлерине қараслы акциялар қунының төленбеген бөлеги айланасында солидар жуўапкер болады.

Акционерлик жәмийетиниң фирма атында, жәмийетнииң аты ҳәмде бул жәмийет акционерлик жәмийет екенлиги өз саўлесин табыўы керек.

## Жаңадан ашылған кәрхана ҳәм мекемелер саны

*(январь-декабрь айларында, бирликте)*



**Жаңадан шөлкемлестирилген кәрхана ҳәм мекемелер саны**
*(экономикалық хызмет түрлери бойынша январь-декабрь айларында, бирликте)*




**Жаңадан шөлкемлестирилген кәрхана ҳәм мекемелердиң шөлкемлик-ҳуқуқий түри бойынша қурамы**
*(2020 жыл январь-декабрь айларында, улыўма санындағы үлеси)*




2020 жылдың январь-декабрь айларында 4 568 кәрхана ҳәм мекемелер жаңадан шөлкемлестирилди. Соннан жуўапкершилиги шекленген жәмийетлер 3 225, жеке меншик кәрханалар 436, шаңарақлық кәрханалар 652, шөлкемлер 81 ҳәм басқалар 174 қурайды.

## Аўыл, тоғай ҳәм балықшылық хожалығы хызмети менен шуғылланыўшы кәрхана ҳәм мекемелер қурамы

*(1 январь жағдайына)*






## Санаат тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны

*(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)*




2020 йил 1 январь жағдайына санаат кәрханалары ҳәм мекемелери саны 2918 қурайды, өткен жылға салыстырғанда 125,7 % ке өсти.

Жәми санаат кәрханалары ҳәм мекемелери саны көбейиўиниң тийкары ислеп шығарыў (қайта ислеў) санаатта – 126,7 % ге (жәми санааттағы үлеси 91,0 %), тау-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеўде 111,7 % ге (жәми санаатдағы үлеси 6,2 %), электр, газ, пар менен тәьминлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў 135,7 % ге (жәми санаатдағы улеси 1,3 %) өсти.

Суў менен таьминлеў, канализация системасын, шығындыларын утилизация қылыў – 126,5 % ти (жәми санаатдағы үлеси 1,5 %) қурады.

**Қурылыс тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны**

*(1 январь жағдайына, бирликте)*




2021 жыл 1 январь жағдайына қурылыс тараўында кәрхана ҳәм мекемелер саны 2 325 қурады, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 108,2 % ке өсти. Жәми қурылыс тараўында кәрхана ҳәм мекемелер саны көбейиўи тийкарғы себеби пуқаралық объектлерди қурыў – өткен жылға салыстырғанда 116,1 % ге (жәми қурылысдағы үлеси 9,0 %), қәнийгелестирилген қурылыс жумыслары 114,6 % ге (жәми қурылыстағы үлеси 30,7 %) өсти.

иматратларды қурыўда 104,2 % ти (жәми қурылыстағы үлеси 60,3 %) қурады.

**Саўда тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны**

*(1 январь жағдайына, бирликте)*

2021 йил 1 январь жағдайына саўда тараўындағы кәрханалар ҳәм мекемелер саны 5 648 қурады, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 134,4 % ке өсти.

Жәми саўда кәрханалары ҳәм мекемелери саны көбейиўиниң тийкарғы себеби автомобил ҳәм мотоциклллер саўдасынан тысқары усақлап сатыўда өткен жылға салыстырғанда 139,7 % ке (жәми саўдадағы үлеси 70,4 %), автомобил ҳәм мотоцикллардың көтере ҳәм усақлап сатыўда оларды оңлаў өткен жылға салыстырғанда 146,7 % ке (жәми саўдадағы үлеси 8,3 %) ке өсти.

Автомобил ҳәм мотоцикллар саўдасынан тысқары көтере саўдада өткен жылға салыстырғанда 116,0 % ке (жәми саўдадағы үлеси 21,3 %) ти қурады.



**Ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны**
*(2021 йил 1 январь жағдайына, бирликте)*

| Ден саўлықы сақлаў тараўындағы | Жасаў ушын жай менен тәмийнлеген ҳалда сақлаў | Жасаў ушын жай менен тәмийнлеген ҳалда социаллық хызметлер көрсетиў |
|---|---|---|
| 388 | 13 | 9 |

**Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны**
*(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирлите)*




88
Жасаў бойынша хызметлер



1 202
Азық-аўқат ҳәм ишимликлер жеткериў бойынша хызметлер

2021 жылдың 1 январь жағдайына жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўындағы кәрхана ҳәм мекемелер саны 1 290 қурады, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 113,3 % ке өсти.

Жәми жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўындағы кәрхана ҳәм мекемлер саны көбейиўиниң тийкарғы себеби азық-аўқат ҳәм ишимликлер жеткериў бойынша хызметлер 113,7 % ти қурады. (жәми жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўындағы үлеси 93,2 %), жасаў бойынша хызметлер өткен жылға салыстырғанда 107,3% (жәми жасаў ҳам аўқатланыў бойынша хизматлер тараўындағы үлеси – 6,8 % өсим.

**Киши исбилерменлик субъектлери саны**
***(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)***

**Дизимнен өткен 18 923**

| киши кәрхана 1 061 | микрофирмалар 17 862 |
|---|---|

**Ҳәрекеттеги 18 288**

| киши кәрхана 1 056 | микрофирмалар 17 232 |
|---|---|

**Жаңадан ашылған 4 440 (2020 жыл январь-декабрь)**

| киши кәрхана 65 | микрофирма 4 375 |
|---|---|

**Ҳәрекеттеги киши кәрхана ҳәм микрофирмалар саны**
***(экономикалық хызмет түрлери бойынша 1 январь жағдайына, бирликте)***



**Қала ҳәм районлар кесиминде ҳәрекеттеги кәрханалар ҳәм мекемелер саны**
***(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)***



**Сырт ел капиталы қатнасындағы кәрхана ҳәм мекемелер саны**
***(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)***




Дизимнен өткен сырт ел капиталы қатнасындағы кәрхана ҳәм мекемелер саны 2021 жыл 1 январь жағдайына 169 қураған болса, олардан 164 яки 97,0 % ти ҳәрекетте. Бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 9 яки 105,8 % ке өскенин көриў мүмкин.

2020 жыл январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасында 16 сырт ел капиталы қатнасындағы кәрхана ҳәм мекемелер жаңадан ашылған.

**Ҳәрекеттеги сырт ел капиталы қатнасындағы кәрханалар саны**
*(экономикалық хызмет турлери бойынша 1 январь жағдайына, бирликте)*



**Қала ҳәм районлар кесиминде сырт ел капиталы қатнасындағы ҳәрекеттеги кәрханалар саны**

*(2021 йил 1 январь жағдайына, бирликте)*

| | Жәми | соннан: | |
|---|---|---|---|
| | | Қоспа кәрхана | Сырт ел кәрханалары |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **164** | **93** | **71** |
| Нөкис қ. | 39 | 21 | 18 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 5 | 2 | 3 |
| Беруний | 10 | 3 | 7 |
| Бозатаў | 2 | 1 | 1 |
| Қараөзек | 10 | 7 | 3 |
| Кегейли | 7 | 5 | 2 |
| Қоңырат | 7 | 5 | 2 |
| Қанлыкөл | 6 | 3 | 3 |
| Мойнақ | 29 | 20 | 9 |
| Нөкис | 9 | 6 | 3 |
| Тақыятас | 11 | 3 | 8 |
| Тахтакөпир | 6 | 4 | 2 |
| Төрткүл | 5 | 4 | 1 |
| Хожели | 4 | 1 | 3 |
| Шымбай | 5 | 3 | 2 |
| Шоманай | 5 | 2 | 3 |
| Елликқала | 4 | 3 | 1 |

Сырт ел капиталы қатнасындағы ҳәрекеттеги кәрханалардың тыйкарғы бөлеги Нөкис каласында 39 (улыўма көлемдеги үлеси 23,8 %), Мойнақ 29 (17,7 %), Тахыятас 11 ден (6,7 %), Қараөзек ҳәм Беруний 10 нан (6,1 %), районларына туўра келеди.

**Қала хәм районлар кесиминде жәми сырт ел капиталы катнасындағы кәрханалардың қоспа кәрхана хәм сырт ел кәрханаларна бөлистирилиўи**
*(2021 жыл 1 январь жағдайына, жәмине салыстырғандағы үлеси % те)*




2017-2021 жылларда раўажланыўдың бес ахиметли бағдары бойынша “Ҳәрекетлер стратегиясы”ның ушинши зәрүр бағдары – **<u>халықара экономикалық шерикликти жәнеде раўажландырыў</u>** есапланады. Сырт ел инвестициялар қатнасындағы кәрханалар саны өсип барыўы, ең дәслеп мәмлекетдеги сиясий турақлылық хәм инвестиция хызметин нызамлы тийкарлары қурамаласып атырғаны менен тәрийпленеди.

## Сырт ел капиталы қатнасындағы ҳәрекеттеги кәрханалардың мәмлекетлер кесиминде саны

*(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)*




## Жаңадан ашылған сырт ел капиталы қатнасындағы кәрханалар саны

***(экономикалық хызмет түрлери бойынша январь-декабрь айларында, бирликте)***



**Шаңарақлық кәрханалар саны**
***(1 январь жағдайына, бирликте)***




Шөлкемлик-ҳуқуқий түрилери бойынша дизимнен өткен шаңарақ кәрханалар саны 2021 жыл 1 январь жағдайына 1 701 ды қурады, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәуирине салыстырғанда 658 яки 1,6 есеге көбейгенин көриў мумкин.

Ҳәрекеттеги шаңарақлық кәрханалар саны 1 602 қураған болса, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 589 яки 1,5 есеге көбейгенин көриў мүмкин.

2020 жыл январь-декабрь айларында жаңадан ашылған шаңарақлық кәрханалар саны 652 қураған болса, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 271 яки 1,7 мәртеге көбейгенин көриў мүмкин.

**Ҳәрекеттеги шаңарақлық кәрханалардың**
**қала ҳәм районлар кесиминде саны**
*(2021 жыл 1 январь жағдайына, бирликте)*



## Статистик көрсеткишлерге түсиндирмелер

**Кәрхана ҳәм шөлкемлердиң бирден бир мәмлекетлик регистры -** мәлимлеме-мағылӯматнама көринисиндеги, ўакты-ўакты менен жаңалап барылатӯғын мағлыӯматлардан ибарат болған, автоматластырылған система есапланады ҳәмде бирден-бир классификациялар системасы тийкарында кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң мәмлекет есабын ҳәм оларды идентификацияластырыӯды тәминлейди.

**Дизимге алынған** - Дизимнен өткериў органлары тәрепинен белгиленген тәртипте мәмлекетлик дизимнен өткерилген ҳәмде юридик шахслардың мәмлекетлик реестрында бар болған юридик шахслар (сапластырылған юридик шахслардан тысқары).

**Ҳәрекеттеги** - Дизимге алыў органлары тәрепинен белгиленген тәртибте мәмлекетлик дизимге алынған ҳәмде мәмлекетлик статистика органларына финанс-хожалық хызметин әмелге асырмай атырғанлығы яки сапластырыў алдында екенлиги ҳаққындағы мағылӯмат келип түспеген юридик шахслар.

**Жаңадан шөлкемлестирилген** - дизимнен өткериў органлары тәрепинен белгиленген тәртипте юридик шахслардың мәмлекетлик реестрына жаңадан киритилген юридик шахслар.

**Юридик шахслардың ҳызмет көрсетиў дәрежеси** – белгили бир даўирде ҳәрекетсиз юридик шахслардың жәми дизимнен өткен юридик шахсларга салыстырғанда % теги көриниси.

**Киши кәрхана ҳәм микрофирмалар -** Өзбекстан Республыкасы Министрлер Кабинетиниң 2016 жыл 24 августтағы "Экономикалық хызмет турлери көрнисиниң халықара системасына өтиў ис-илажлары ҳаққындағы" 275-сан қарарының 1-қосымшасына тыйкар киши исбилерменлик субъектлерине тийсли бөлған кәрханалар ҳәм шөлкемлер.

**Сырт ел капиталы катнасындағы кәрханалар** – резидентлик емес қатнасындағы кәрханалар, сырт ел юридик шахслар (сырт ел фирмаларның филиаллары ҳәм бөлимлери), кәрхананың устав фондида сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар қатнасқан кәрханалар.